


Pa Prezidan  
Thomas S. Monson



# Senyè a bezwen misyonè

**M**wa Oktòb ki sot pase a, nan konferans jeneral, la mwen te mande pou gen plis misyonè. Tout jènjan diy, ki kapab, ta dwe prepare yo pou sèvi yon misyon. Sèvis sa a se yon devwa prèttriz—yon obligasyon Senyè a atann nan men nou menm ki te resevwa si anpil la. Jènjan, mwen egzòte nou pou n prepare pou sèvi kòm misyonè. Kenbe tèt nou pwòp ak pi ak diy pou reprezante Senyè a. Prezève sante nou ak fòs nou. Etidye ekriti yo. Kote sa disponib, patisipe nan seminè ak enstiti. Familyarize nou avèk manyèl misyonè *Preche levanjil mwen an*.

Sè yo, pandan ke nou pa gen menm responsablite prèttriz avèk jènjan yo pou sèvi kòm misyonè apentan, nou menm tou nou pote yon kontribisyon valab antanke misyonè, e nou apresye sèvis nou.

Pou frè ak sè adilt yo nan Legliz la, mwen raple nou ke Senyè a bezwen anpil, anpil plis nan nou pou sèvi kòm misyonè apentan. Si nou poko rive nan sezon lavi nou pou n sèvi kòm koup misyonè, mwen egzòte nou pou nou prepare kounyeya pou jou kote, si sikonstans nou pèmèt nou, nou menm ak konjwen nou kapab fè sa. Pa gen anpil moman nan lavi nou kote nou pral jwi lespri ak satisfaksyon agreyab ki vini nan bay sèvis apentan ansanm nan travay Senyè a.

Kounyeya, gen kèk nan nou ki kapab nòmalmman

timid oubyen ki konsidere tèt nou pa alawotè pou reponn wi ak apèl pou sèvi a. Sonje ke sa a se travay Senyè a, epi lè nou nan travay Senyè a, nou gen dwa ak èd Senyè a. Senyè a ap fòtifike do a pou l kapab pote chay yo plase sou li a.

Gen lòt moun ki, malgre yo diy pou sèvi, kapab santi ke yo gen priorite ki pi enpòtan. Mwen sonje pwo-mès Senyè a: “Moun ki onore mwen, m ap onore yo” (1 Samyèl 2:30). Okenn nan nou pa p onore Papa nou ki nan Syèl la ak Sovè nou an plis pase lè nou sèvi kòm yon misyonè devwe, konpatisan.

Yon egzanp nan kalite sèvis sa a sete eksperyans misyonè Juliusz ak Dorothy Fussek, ki te aple pou sèvi yon misyon nan Polòy. Frè Fussek te fèt nan Polòy. Li te pale lang nan. Li te renmen moun yo. Sè Fussek te fèt an Angletè e li pa t konn anpil bagay sou Polòy e anyen sou pèp li a. Konfyan nan Senyè a, yo te anbake nan tach yo a. Travay la te depriman, tach yo te anpil. Nan epòk sa a pa t ko gen yon misyon ki te etabli nan Polòy. Yo te bay Fussek yo tach pou prepare wout pou yon misyon kapab vin etabli.

Èske Èldè ak Sè Fussek te dezespere akòz enòmite tach yo a? Non, pa yon moman. Yo te konnen apèl yo a te soti nan men Bondye. Yo te priye pou jwenn èd divin ni, epi yo te lage tout yo menm totalman nan travay yo.

Lè moman an te rive, Èldè Russell M. Nelson nan Kolèj Douz Apot yo; Èldè Hans B. Ringger, ki te nan Swasanndis yo lè sa a; ansanm avèk mwen, akonpaye pa Èldè Fussek, te rankontre ak minis Zafè Relijye gouvènman Polonè a, Adam Wopatka. Nou te tandè l di: “Legliz nou an byenveni isit la. Nou gen dwa bati bilding nou yo; nou gen dwa voye misyonè nou yo. Mesye sa a,” pandan l t ap montre Juliusz Fussek, “te sèvi legliz nou an byen. Nou mèt rekonesan pou egzanp li ak travay li.”

Menmjan ak Fussek yo, an nou fè sa nou dwe fè nan travay Senyè a. Lè sa a, nou kapab, avèk Juliusz ak Dorothy Fussek, repete Sòm sa a:

“Sekou mwen soti nan men Senyè, ki fè syèl la ak tè a.

“ . . . Li pap kite pye ou chape.

“Moun k ap veye sou pèp Izrayèl la pap janm kabi-cha, li pap dòmi” (Sòm 121:2–4)

## ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

*Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* deklare: “Pataje yon eksperyans pèsònèl sou fason viv yon prensip levanjil te beni lavi ou. Envite moun w ap anseye yo pou yo briyèyman pataje pwòp eksperyans pa yo” ([1999], 159). Li mesaj sa a epi apres a mande manm fanmi an kimoun Prezidan Monson di ki dwe sèvi yon misyon. Pataje eksperyans pèsònèl ke ou menm oswa lòt moun te fè pandan yo t ap sèvi kòm misyonè aplentan. Oubyen pataje plan ou pou sèvi kòm misyonè demen. Mande manm fanmi an pou pataje plan yo ak eksperyans pozitif yo.

## JÈN YO

### Pedale antre nan lavni

Pa Peter Evans ak Richard M. Romney

**A**npil nan jènjan yo prepare finansyèman pou sèvi yon misyon. An Afrik, yon pati nan preparasyon sa a se fè ase lajan pou yon paspò. Sedrick Tshiambine te fè lajan li te bezwen an nan yon fason orijinal: li te vann fig sou yon bisiklèt.

Sedrick ap viv nan Luputa, Repiblik Demokratik Kongo. Li se youn nan 45 jènjan nan distri Luputa a ki ap travay pou ekonomize lajan pou yon fè yon paspò pou al nan misyon. Nan Repiblik Demokratik Kongo, yon paspò koute 250 dola, ki se apeprè detyè nan pri pou bati yon kay.

Men Sedrick pa t dekouraje. Li te fè lajan misyon li nan kondi yon bisiklèt sou 15–30 kilomèt (9–19 mil) soti Luputa pou ale nan ti vilaj yo, kote li te achte fig, epi apres a li pedale retounen travèse savann Afriken plen chalè a, bisiklèt li byen lou anba fwi yo pou l al vann lavil la. Chak semèn li te vwayaje apeprè 180 kilomèt (112 mil) sou wout tè yo, e sèlman yon fwa li te gen pwoblèm ak chay li te pote a.

Pou efò li yo Sedrick te benefisyè a apeprè \$1.25 pa semèn, oswa \$65.00 pou yon ane. Sa te pran l katran pou l te ekonomize ase lajan pou achte paspò li a, men kouneya li konnen pwojè lavni li enkli yon misyon aplentan paske li pare finansyèman pou reponn ak apèl pou sèvi a.

## TIMOUN YO

### M ap prepare pandan mwen jèn

**P**ou ede timoun yo sonje apèl Prezidan Monson nan pou prepare pou sèvi yon misyon an, panse pou w fè yon sètifika avèk tèks la ki anba a pou timoun yo siyen epi kenbe kòm yon rapèl, petèt sou mi lakay yo oswa nan journal yo.

### M AP PREPARE

Prezidan Thomas S. Monson aple m pou m prepare pou sèvi yon misyon. Mwen pral:

- Kenbe tèt mwen pwòp ak pi ak diy pou reprezante Senyè a.
- Prezève sante mwen ak fòs mwen.
- Priye ak etidye ekriti yo.

M pral prepare pou sèvi yon misyon.

(*siyati*)



Lafwa • Fanmi • Sekou

# Istwa ak eritaj Sosyete Sekou

*Etidye materyèl sa a, epi, si sa apwopriye, pale sou li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo ak pou fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.*

**E**liza R. Snow te raple ansèyman Pwofèt Joseph Smith la ki di: “menmsi non [Sosyete Sekou] a kapab modèn, enstitisyon an gen orijin ansyen.”<sup>1</sup>

Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason l lan, Jezikri, te vizite Joseph Smith, epi, palentèmedyè li, yo te retabli plenitid levanjil la sou tè a. Sosyete Sekou te fè pati retablisman sa a. Òganizasyon Legliz la pa t total jiskaskè sè yo te òganize.<sup>2</sup>

Nan mwa k ap vini yo, chak mesaj vizit nan fwaye pral ba nou opòtinite pou apran plis sou istwa Sosyete Sekou a ak pati li jwe nan levanjil retabli a. Pou plizyè rezon, konprann istwa nou non sèlman enpòtan men li *esansyèl* tou.

Premyèman, yon konpreyansyon sou istwa nou enspire nou pou nou rete fi Bondye a nou bezwen ye a. Nan suiv egzanp nòb fi Sen Dènye Jou sa yo, nou kapab aprann nan lefase kijan pou n fè fas ak demen.<sup>3</sup>

Dezyèmman, istwa nou anseye ke menm prensip yo te egziste nan premye Legliz la se prensip fondamantal nou jodia. Konesans sa a ak objektif nou—pou ogmante lafwa ak ladwati pèsònèl, fòtifye fanmi ak fwaye, ak ede moun ki nan bezwen—fè yon koneksyon ant pase nou ak prezan nou.

Twazèmman, pandan n ap apresye istwa nou an, nou kapab pi byen pataje eritaj espiyèl nou. Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan, te di: “Nou pataje eritaj nou lè nou ede lòt moun resevwa don charite a. . . . Istwa Sosyete Sekou a ekri an pawòl ak chif, men eritaj la pase soti nan yon kè al nan yon lòt.”<sup>4</sup>

Finalman, konprann istwa nou ede nou tounen yon pati efikas nan lavni Sosyete Sekou. Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) te eksplike: “Nou konnen ke fi ki gen anpil apresyasyon pou lefase yo ap sousye pou fòme yon bon jan lavni.”<sup>5</sup>

**Julie B. Beck, Prezidant jeneral Sosyete Sekou.**

## Apati ekriti yo

Estè 9:28–29; Women 16:1–2; Alma 37:8; Mowoni 7:45–47

## Apati istwa nou

“Sosyete Sekou se òganizasyon Senyè a pou fi yo.”<sup>6</sup> Nan kapasite li antanke yon pwofèt, Joseph Smith te òganize Sosyete Sekou jou 17 Mas 1842. Ti gwoup moun diferan nan premye reyinyon sa a sete fi devwe, menmjan ak sè Sosyete Sekou yo jodia. “Sa k te pi jèn yo

sete twa adolesan, epi pi gran an, yon fi ki te nan senkantèn ni. Onz nan fi yo te marye, de sete vèv, sis pa t marye, epi gen youn sitiyaasyon marital li te enkonni. Edikasyon yo ak sitiyaasyon yo te varye anpil, menmjan ak sitiyaasyon ekonomik yo. Divèsite yo te ogmante anpil pandan manm òganizasyon an te kontinye ap grandi, men yo te fè youn e yo te kontinye fè youn.”<sup>7</sup>

## NÒT

1. Eliza R. Snow, “Female Relief Society,” *Deseret News*, Apr. 22, 1868, 81.
2. Gade *Enseignements des presidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 451.
3. Gade L. Tom Perry, “The Past Way of Facing the Future,” *Liahona*, Nov. 2009, 73–76.
4. Henry B. Eyring, “The Enduring Legacy of Relief Society,” *Liahona*, Nov. 2009, 124–25.
5. Spencer W. Kimball, “Privileges and Responsibilities of Sisters,” *Ensign*, Nov. 1978, 104.
6. Spencer W. Kimball, “Relief Society—Its Promise and Potential,” *Ensign*, Mas. 1976, 4.
7. Jill Mulvay Derr, Janath Russell Cannon, and Maureen Ursenbach Beecher, *Women of Covenant* (1992), 28.

## Kisa m ka fè?

1. Kisa m ka fè pou ede sè m ap vizite yo resevwa don charite a?
2. Kisa m ka kòmanse fè mwa sa a pou ede fòme yon jenerasyon ki jis pou tèt pa mwen? pou fanmi mwen? pou lòt moun?

Pou plis enfòmasyon, ale nan [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).